

Si ou se yon lokatè ki gen pwoblèm degèpisman, men 6 bagay kle pou w sonje sou dwa ou yo

1

Yo PA KA mete ou deyò amwenske yon jij mande pou w kite kay la. Menmsi pwopriyetè kay la ba pou papye degèpisman, ou gen dwa pou ale nan yon odyans nan tribinal.

2

Si ou dwe lwaye, ou ka elijib pou resevwa èd ak lwaye ou. Ale sou rb.gy/lcqcqv pou jwenn èd pou aplike pou èd ak lwaye nan zòn ou an.

3

Li ilegal pou yon pwopriyetè kay chanje kadna ou oswa fèmen dlo ou pou fòse ou soti san pèmasyon yon jij. Pou plis enfòmasyon sou degèpisman ilegal, vizite: rb.gy/04q9v3.

4

Règ nan nivo eta ak federal ka pwoteje ou kont degèpisman pandan pandemi COVID-19 la, tankou moratoryòm CDC pou degèpisman an. Pou konnen si ou elijib epi telechaje fòm pou bay pwopriyetè kay ou a, ale sou <https://bit.ly/3goVfxS>. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwoteksyon eta a, ale sou: rb.gy/y1ajtq.

5

Ou kapab elijib pou asistans legal gratis. Si ou te resevwa yon lèt degèpisman oswa si yo te depoze yon degèpisman kont ou nan tribinal, ale nan: rb.gy/hkn5qo.

6

Pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa ou yo lè ou gen pwoblèm degèpisman, ale sou: rb.gy/ku0eju.

Gen nouvo resous pou ni lokatè ak pwopriyetè ki abite nan kay yo pou ede ou kenbe kay ou

Pou Lokatè yo

Dwe lwaye kay ou

Ou ka jwenn:

Èd pou aplike pou asistans ak lwaye nan zòn ou a:
rb.gy/lcqcgv

Pwopriyetè kay la menase li pral mete ou deyò swa aloral oswa alekri

Ou ka jwenn:

Èd legal nan Pwojè Èd Legal pou Degèpisman COVID la:
rb.gy/hkn5qo

Resevwa papyè tribinal pou yon degèpisman

Ou ka jwenn:

Èd legal nan Pwojè Èd Legal pou Degèpisman COVID la:
rb.gy/hkn5qo

Asistans sou dosye ou a nan men yon defansè lokatè nan zòn ou an:
rb.gy/qgwjvx

Enfòmasyon sou ki kote pou jwenn plis resous: Rele 2-1-1

Pou Pwopriyetè ki Abite Lakay yo

Èske ou se yon pwopriyetè ki abite lakay ou?

Èske ou abite nan pwopriyete pou 2 a 3 fanmi ou posede / jere?

Resous legal ak finansye ka disponib pou ou

CELHP la pou ede atravè Pwojè a Avoka Benevòl la!



Kontakte nou
CELHP@vlpnet.org
617-603-1700

evictionlegalhelp.org

